

**Devwa** Svp travay pou kont ou nan pati sa

a  
Non ou \_\_\_\_\_  
Prenon ou \_\_\_\_\_  
Zonn \_\_\_\_\_

1. Lè yon fizib ap plede boule èske pwoblèm nan kapab  
a) yon chòt, b) yon ouvè, ou  
c) yon gwo rezistans? (sekle repons ki pi bon)

2. Lè vòltaj ki rive sou yon aparèy fèb èske sa se yon siy a) yon chòt, b) yon ouvè, ou  
c) yon gwo rezistans? (sekle repons ki pi bon)

3. Anpil aparèy elektrik sou machin gen yon wondèl kase ou wondèl etwal sou vis ki kenbe aparèy la. Pouki sa mekanisyen an ta dwe veye ke li renmèt wondèl sa yo nan plas yo?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

4. Gèdj presyon lwil toujou rete a 0 menm lè motè a ap mache. Bay 3 nan 4 premye tès ou pral fè ak kilès rezilta ou kapab jwenn nan chak tès nan chèche wè ki kote pwoblèm nan ye.

- 1) \_\_\_\_\_
- 2) \_\_\_\_\_
- 3) \_\_\_\_\_

5. Limyè fren yo nan dèyè machin nan pa limen lè yo peze pedal fren an. Bay 3 nan 4 premye tès ou pral fè ak ki rezilta ou kapab jwenn nan chak tès lè ou ap chèche wè ki kote pwoblèm nan ye.

- 1) \_\_\_\_\_
- 2) \_\_\_\_\_
- 3) \_\_\_\_\_

6. Yon jen mekanisyen vini ak sansò tanperati yon machin. Li di sansò a pa bon. Ki jan ou kapab teste li pou wè si li bon?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

7. Limyè fren amen rete toujou limen kèlkeswa pozisyon levye fren amen an ye. Bay 3 premye tès ou pral fè ak ki rezilta ou kapab jwenn nan chak tès lè ou chèche wè ki kote pwoblèm nan ye.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

8. Batri toujou plat nan maten. Men lè yo ba li chaj, li kenbe pou tout jounen an lè yo sèvi ak machin nan. Bay 2 premye tès ou pral fè ak ki rezilta ou kapab jwenn nan chak tès lè ou chèche wè ki kote pwoblèm nan ye. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

9. Yon fizib 10 A ap plede boule. Yo mete yon fizib 25 A nan plas li. Ki pwoblèm sa kapab koze?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

10. Gwo kab negatif ant blòk motè a e chazi machin nan kase. Lè yo eseye estat motè a, lafimen soti nan yon kwachaf machin nan. Ki sa ki te pase?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Ki sa ou ta ajoute ou chanje nan leson sa a ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_